



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 14/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE “NATURALIZE NY (NATURALIZE NEW YORK)” - PREMYE PATENARYA PIBLIK-PRIVE NAN KALITE SA PO FÈ PWOMOSYON SITWAYÈNTE PEYI ETAZINI

Nan tèt ansanm ak New York Daily News, Robin Hood Foundation, SUNY Albany, Stanford University, ak George Mason University, "NaturalizeNY" Egzonere Frè Natiralizasyon pou 2,000 Imigran k Ap Travay ki pa Gen Gwo Mwayen

Yon Envestisman \$1.25 Milyon Dola ap Konpanse Depans Finansye epi Redui Baryè pou Imigran yo Vin Sitwayen Ameriken.

Gouvènè a Anonse ke Sit Entènèt pou Moun Detèmine Si Yo Kalifye pou Vin Sitwayen yo Epi Aplike pou Egzonerasyon Frè se - NaturalizeNY.org

Gouvènè Andrew M. Cuomo lanse jodi a “NaturalizeNY,” premye patenarya piblik-prive nan kalite sa pou ankouraje epi ede imigran ki kalifye yo nan Eta New York nan pwosesis pou yo vin sitwayen Ameriken. Inisyativ pou bay sipò ki konplè atravè pwosesis natiralizasyon – avèk evalyasyon pou kalifikasyon gratis, èd pou aplikasyon, preparasyon pou egzamen natiralizasyon, ak yon tiraj pou 2,000 resi pou frè aplikasyon pou natiralizasyon pou imigran ki kalifye pou sitwayènte ki pa gen gwo mwayen. Se State Office for New Americans (Biwo Eta pou Nouvo Ameriken yo) nan tèt ansanm ak New York Daily News, the Robin Hood Foundation, New York Community Trust, SUNY Albany, Stanford University, George Mason University ak lòt òganizasyon ki pa pou pwofi ki jere pwogram NaturalizeNY la nan tout eta a.

Gouvènè Cuomo te di: “Nou se yon pèp imigran, e New York kwè ke divèsite se pi gwo atou nou.” “Nan mitan eklatman deba nasyonal la, jodi a n ap voye yon mesaj klè – ke nou akeyi w ak bra ouvè pou w antre nan kominote nou an epi grandi ak ekonomi nou an. Lè nou asire pi bon aksè pou jwenn enfòmasyon, zouti ak resous ki nesèsè pou aplike pou sitwayènte, sa vital pou n onore pwomès sa, e nou fyè pou n montre pèp la mwayen pou yo reyalize l.”

Pòt Pawòl Lachanm nan Carl Heastie te di: “Genyen anpil imigran k ap travay di nan New York ki reve vin sitwayen Ameriken, men pou anpil, pwosesis la twò chè e li difisil pou fè. Lè n ofri oryantasyon pou pwosesis natiralizasyon an epi kouvri anviwon \$700 dola frè aplikasyon pou 2,000 imigran ki genyen twòp pou yo kalifye pou yon egzonerasyon depans, n ap amelyore rezilta moun sa yo epi ogmante opòtinite yo pou yo kontribye nan fason ki enpòtan nan eta ak peyi nou an. Majorite Chanm nan rete yon defansè ki solid pou popilasyon imigran nou an e yo te pouse lejislasyon ki ogmante opòtinite yo san rete, san konte lwa DREAM nan. Pandan yon tan kote pèp nou an depase pa diskou anti-imigran an, New York ta dwe e l ap rete yon lidè pwogresif nan asire ke Rèv Ameriken an pa inaksesib pou tout moun.”

Lidè Demokratik Sena a, Andrea Stewart-Cousins te di: “New York se ‘Eta Anpi’ a paske nou gen yon tradisyon nou fyè de li pou akeyi nouvo Ameriken epi pou bay yo opòtinite pou reyalize Rèv Ameriken an. Demokrat nan Sena yo te ede mennen konba pou redwi chaj yo te mete sou rezidan ki pi nouvo nou yo paske nou konprann ke kle siksè ekonomi an ap soti nan potansyèl tout Moun New York yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou efò li pou rann chemen imigran yo pou sitwayènte a pi fasil e m kontan pou kontinye reyini efò nou ansanm pou n konstwi yon Eta New York ki pi solid, ki pi jis e ki pi akeyan.”

NaturalizeNY ogmante konesans sou pwosesis natiralizasyon lè l bay asistans pou sitwayènte ki konplè e li enkli yon tiraj pou 2,000 resi frè aplikasyon pou natiralizasyon imigran k ap travay ki pa gen gwo mwayen yo. New York Daily News, ki dirije pwogram anyèl "Daily News/CUNY Citizenship NOW!" e li ofri plizyè milye imigran nan Vil New York konsèy imigrasyon gratis, l ap asiste nan chwa premye tou benefisyè nan mwa Septanm.

NaturalizeNY ap bay yon ranfò nan ekonomi eta a tou anplis l ap ogmante opòtinite pou Moun New York yo. Etid 2015 Urban Institute te fè a te jwenn ke, an mwayèn, gen yon ogmantasyon 8.9 pousan kòm revni pou imigran ki vin sitwayen yo. Ogmantasyon salè yo fè yo peye taks ki pi elve epi diminye depandans yo sou èd piblik yo. Pou Vil New York, sa t ap vle di si tout imigran yo vin sitwayen, t ap gen yon ogmantasyon nan revni sou enpo \$789 milyon dola, ansanm ak yon diminyasyon nan èd yo, ki t ap bay yon randman \$823 milyon dola sou benefis nè pou New York.

Èd pou Sitwayènte

Antanke yon eleman santral nan NaturalizeNY, Eta a ap akeyi Klinik Legal sou Sitwayènte ak Natiralizasyon nan 27 Sant Opòtinite atravè New York. Klinik Legal la, san peye ap bay aplikan potansyèl la:

- Enfòmasyon sou pwosesis sitwayènte Ameriken an
- Evalyasyon pou Elijiblite
- Èd pou pwosesis aplikasyon
- Èd pou eznerasyon frè aplikasyon pou natiralizasyon yo
- Klas anglè ak sivik

Patnè kominotè ki eksperimante yo ap kowòdone lòt sèvis asistans pou natiralizasyon nan tout eta a ak sèvis sou entènèt. Gen yon Sant lokalizasyon Opòtinite ki disponib [isit la](#).

Tiraj pou Aplikasyon pou Resi Frè a

Daprè Biwo Resansman Ameriken an, genyen 915,000 moun nan Eta New York ki genyen yon kat vèt e ki kalifye pou sitwayènte – ki enkli anviwon 654,720 nan Vil New York. Frè pou aplikasyon federal pou tout moun aktyèlman se \$680 dola e yo prevwa monte l pi ta ane sa.

Yon [etid](#) Urban Institute te fè an 2015 lan te jwenn ke youn nan rezon prensipal ki fè moun sa yo pako aplike gen rapò ak frè aplikasyon endividyèl la. Lè gen yon aplikasyon pou egzonere frè aplikasyon federal la pou imigran ki pa gen gwo mwayen yo, anpil aplikan k ap travay kalifye pa rapò ak revni yo pou egzonerasyon frè natiralizasyon federal la. Pa egzanp, yon moun ki fè 30,000 dola pa ane – yon kantite lajan ki toujou twò wo pou kalifye pou egzonerasyon frè federal la – toujou depanse anviwon yon semèn salè nan frè aplikasyon pou natiralizasyon.

Pou sipòte 2,000 aplikan potansyèl, Eta New York, Robin Hood Foundation ak New York Community Trust ap envesti plis pase 1.25 milyon dola pou kouvri resi èd pou peye frè yo. Patnè kanpay yo ap peye finansman an dirèkteman bay gouvènman federal la e l ap kouvri tout depans pwosesis nasyonalizasyon an egzije a. Y ap distribye revni yo nan 12 pwochen mwa yo, e se pèsònèl ki soti nan SUNY Albany, Stanford University, ak George Mason University k ap jere yo.

Pou aplike: Nou ankouraje aplikan revni fanmi yo tonbe ant \$30,240 ak \$60,480 pou aplike. Enskripsyon yo ouvè jòdi a e y ap fèmen nan dat 23 septanm. Aplikan potansyèl yo ka detèmine si yo kalifye pou vin sitwayen e si yo kalifye pou tiraj la lè yo ale sou www.NaturalizeNY.org; anplis, gen enfòmasyon ki disponib lè yo rele Liy Dirèk Nouvo Ameriken an nan 1-800-566-7636.

Senatè Adriano Espaillat te di: "Eta New York gen istwa ki long epi triyonfan antanke yon pwèn kote moun ki soti toupatou nan mond lan vini pou pouswiv rèv Ameriken an. Chaj frè aplikasyon yo fòse twòp imigran ak kè kase fè chwa ant lajan yo pa ka sere pou ekonomi ak rèv yo pou yo vin sitwayen. Lè n bay èd nan pwosesis natiralizasyon an, nouvo patenarya sa bay imigran ki kalifye yo kout men yo bezwen an. Ak NaturalizeNY, gouvènè Cuomo kondwi nasyon an nan fasilite wout pou sitwayènte."

Senatè Brad Hoylman te di: "mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou inisyativ imigrasyon ki inovatan sa a. NaturalizeNY mete patnè prive ak piblik yo ansanm pou founi asistans ki enpòtan pou imigran ki merite yo nan pwosesis natiralizasyon an. Nan eta New York la, nou konnen ke imigran yo se kolaboratè kle pou ekonomi an ak kominote nou yo. Patenarya sa retire anpil baryè ki te ensimontab anvan, e li asire yon chemen ki pi asire pou plizyè milye imigran."

Depite Francisco Moya te di: "Imigran nou yo se yon pati vital nan ekonomi eta sa, men twò souvan, yo fè fas ak baryè natiralizasyon ki twò chè e ki enòm ki anpeche yo vin sitwayen Ameriken konplètman. Pandan tan mwen nan lejislati a, mwen te konsantre pou jwenn fason eta a ka ede aleje pwoblèm imigran yo ap fè fas yo. Avèk nouvo pwogram sa a, n ap franchi yon etap pou ba yo sipò finansye kounye a pou yo ka patisipe nan kominote nou an e pi devan, nan ekonomi nou an. Inisyativ Naturalize NY sa a voye mesaj la byen fò e klè ke nan New York, nou pral kontinye vizyon nou pou kreye yon avni ki briyan, ki vibran e ki divèsifye pou eta sa, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li trase chemen pou rive ladan l lan."

Depite Linda B. Rosenthal te di: "Nou dwe rann li vin pi fasil, e pa pi difisil pou moun yo pouswiv chemen legal pou yo vin sitwayen. Lè li rekonèt verite sa, Gouvènè a franch yon etap ki odasye k ap ede plizyè milye moun reyalize rèv yo pou vin sitwayen Ameriken. Plis lòt vil ta dwe swiv egzanp New York la".

Editè An Chèf New York Daily News, Jim Rich te di, "Sa biwo gouvènè a pwopoze a fantastik. Journal Daily News la fyè pou l fè pati pwogram enpòtan sa a. Anpil moun k ap travay di merite opòtinite sa e nou emosyone pou n fè pati moun k ap rann li yon reyalite."

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado te di: "Vin yon sitwayen Ameriken, se yon gwo rèv pou anpil imigran. Men, depans pou vin yon sitwayen souvan pa aksesib pou anpil nan yo. NaturalizeNY ap ede de milye de sitwayen imigran vin tounen sitwayen Ameriken."

Laura Gonzalez-Murphy, Directè, Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo te di: "Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo ak rezo Sant Opòtinite li yo ap chèche itilize resous li yo pou ede vas kominote imigran nan Eta nou an vin fè pati fanmi New York la. Nou vle remèsye patnè nou yo nan efò sa pou angajman yo pou pote opòtinite sa pou moun sa yo ki swete reyalize rèv Ameriken yo."

Steven Choi, Direktè Ekzekitif Kowalisyon Imigrasyon nan New York an te di: "Nou bat bravo pou efò Gouvènè a paske li rann pwosesis natiralizasyon an pi fasil pou imigran ki kalifye yo, ki, antanke sitwayen ap ka patisipe nan lavi sivik la antyèman. Avèk apeprè yon milyon Moun New York ki kalifye pou sitwayènte, li enpòtan pou Eta a ede trase wout pou yo vin sitwayen. Yonn nan pi gwo baryè pou kominote nou yo, se gwo depans ki asosye ak pwosesis Natiralizasyon yo; atravè tiraj NaturalizeNY la, nou kontan konnen ke imigran ki kalifye ki pa gen gwo mwayen yo ap resevwa sipò finansè ki nesèsè pou lite kont dènnye obstak pou yo resevwa avantaj pou yo vin Sitwayen Ameriken."

Veyom Bahl, Direktè Administratif Pwogram Sivivan pou Fondasyon Robin Hood la di: "Nou kontan pou sipòte efò sa pou ede fanmi imigran k ap travay ki pa gen gwo mwayen yo vin sitwayen. Sitiyasyon imigrasyon ofri yon liy dirèk pou ogmante mobilite ak establiite pou efò tanko sa yo ki enpòtan nan lit nou kont povrete."

Shawn Morehead, Direktè Pwogram pou Edikasyon ak Jistis nan New York Community Trust kwè ke: "Imigran Vil la se yon pati vital nan lavi sivik ak ekonomik la. Antanke fondasyon kominote Vil la, nou angaje pou n fè New York yon vin yon bon kote pou viv, travay epi jwe pou tout rezidan nou yo e donk, nou kontan pou ede Moun New York yo simonte chaj finansye ak lòt chaj pou aplike pou vin sitwayen yo."

Prezidan Federasyon Ispanik la, José Calderón te di: "Federasyon Ispanik la aplodi Gouvènè Cuomo ak Biwo pou Nouvo Ameriken yo paske yo prezante NaturalizeNY, yon pwogram k ap ede benefisyè yo anpil pou tout Moun New York, patikilyèman sa yo ki nan kominote imigran yo. Depans ki elve pa ta dwe yon baryè pou natiralizasyon; donk, se nan pi bon enterè Eta a, e menm peyi a, pou n soulaje chaj ekonomik sa yo. Biwo Federasyon Ispanik Sant Opòtinite pou Nouvo Ameriken an ap kontinye sèvi kòm pòl resous pou imigran yo nan tout eta a, e nou akeyi ekspansyon sèvis nou ofri nan sant sa yo."

Profesè David Laitin nan Stanford University di: "Nou kontan pou patisipe nan pwogram sa epi sipòte enskripsyon aplikan pou vin sitwayen Ameriken. Nou espere pwogram sa a ap chanje lavi moun."

Jo-Ann Yoo, Direktè Ekzekitif, Federasyon Azyatik Ameriken an te di: "Biwo pou nouvo Ameriken yo envesti vrè lajan nan kominote imigran yo pou ede moun fòje wout pou vin sitwayen. Lè n asosye ak Federasyon Azyatik Ameriken an pou kreye yon Sant Opòtinite, pa egzanp, Biwo pou Nouvo Ameriken an ap ede nou vay sèvis ESOL ak natiralizasyon legal ki enpòtan pou kominote Azi Sid ak Mizilman nan Brooklyn santral yo, ki pa t ap gen aksè nan sèvis lang, ki sansib sou plan kiltirèl pou pèmèt yo entegre nan pi gwo kominote New York la si se pa sa. Pwogram sa ap kreye nouvo sitwayen ak nouvo elektè k ap gen dwa pou patisipe antyèman nan tout aspè lavi sivik la."

Allan Wernick, ki se Dirèktè CUNY Citizenship Now, te di: "CUNY Citizenship Now! kontan pou sipòte epi patisipe nan inisyativ NaturalizeNY Gouvènè Andrew M. Cuomo a. Antanke pwogram sèvis legal sitwayènte ak imigrasyon ki baze nan inivèsite ki pi gwo, k ap ede plizyè milye Moun New York, nou okouran de bezwen pou sèvis aplikasyon pou sitwayènte. Citizenship Now! ak milye volontè nou yo ap tann pou asosye ak Biwo New York pou Nouvo Ameriken yo pou ede Moun New York yo nan wout pou sitwayènte Ameriken yo."

Konstwi sou Efò Dirijan New York yo

Inisyativ Naturalize NY fè pati efò Gouvènè Cuomo pou ede imigran ak popilasyon minoritè yo pou yo patisipe antyèman nan lavi sivik ak ekonomik New York.

Nan ane 2011, nan premye ane li nan pòs sa, Gouvènè Cuomo te pibliye yon 26^e Dekrè Egzekitif ki egzije pou ajans eta ki bay sèvis piblik dirèk yo ofri sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis pou manm piblik ki nan fòm vital ak enstriksyon yo. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo Eta New York te:

- Etabli Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo – premye biwo nan nivo imigran eta a ki kreye ak lwa peyi a – pou ede nouve veni yo nan Eta a ki pa ka tann pou kontribye nan ekonomi nou an e vin fè pati fanmi New York la.
- Lanse yon inisyativ konplè pou pwoteje imigran ki fè fwod ki gen rapò ak imigrasyon ki enkli lejislasyon ki siyen ki fè l vin yon krim lè w komèt yon fwod nan sèvis èd pou imigran.

Pi resamman, Gouvènè Cuomo te lanse yon Fòs Entèvansyon pou Mete Fen nan Eksplwatasyon Travayè yo ak Ranfòsman Fòs Entèvansyon pou Sektè Salon Maniki a pou asire yo trete travayè yo nan fason ki jis e pou pwopriyetè yo ka konprann dwa ak responsablite pi byen.

Fason pou Vin yon Sitwayen Ameriken

Gouvènman federal la akòde sitwayènte a imigran ki gen sitiyasyon legal sèlman lè moun nan reponn a kondisyon Kongrè a etabli yo. Pwosesis pou vin yon sitwayen yo rele natiralizasyon an, enkli jeneralman yon aplikasyon ki long pou gouvènman federal la soumèt anprent dijital pou Biwo Envestigasyon Federal la itilize pou verifiye antesedan kriminèl, pase yon egzamen lang ak sivik epi pase yon entèvyou ak yon ofisye imigrasyon federal. Apre pwosesis sa, yon imigran pa ko sitwayen Ameriken jiskaske l fè Sèman Fidelite a nan yon seremoni sitwayènte.

###

Gen lòt nouvèl ki disponib nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418